Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

№ 68 (25797)

РÆСТДЗИНАД

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 20 апрел — хуымгæнæны мæйы 20 бон, цыппæрæм Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АУДЫНАД
Дыууæ хæдтулгæйы

3 ЮБИЛЕЙ
Цард — бæллиц, цард — театр

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Фехтовани

Æрвыстæг

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргъæуæг Сергей Меняйлойы раныхас республикæйы социалон-экономикон сæйраг рахæцæнты æмæ 2022 азы республикæйы Хицауады архайды тыххæй

Республикæйы Парламенты зынаргъ депутаттæ!
Республикæйы зынаргъ цæрджытæ!

Æппæт бæстæимæ мах ивгъуыд аз арвыстам вазыгджын политикон æмæ экономикон уаварты, цæрæм дунеон ивддзинæдты рæстæг. Ахсджиаг историон цаутæ нæ бæстæйы фидæн бæрæг кæнынц. Уæрæсе Ныгуылæны 'рдыгæй уыцы ивддзинæдтæм, комкоммæ хæстон тæссагдзинæдтæм куыд сарæхсдзæн, уымæй уыдзæн аразгæ нæ фидæн. Коронавирус æмæ сæрмагонд æфсæддон операци фæзындысты нæ царды алы къабæзтыл. Фæлæ уæддæр хъæддых фæлæууыдыстæм. Абон нын ис кæцырдæм æмæ куыд цæугæ у, уый тыххæй дзурæн.

Сæрмагонд æфсæддон операци: йæ архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æхху ыс

Нæ бæстæ сæмбæлд æвирхъау, сæрмагонд тæссагдзинæдтимæ: Уæрæсейы ныхмæ сарæзтой парахат кампани, тыхджын экономикон, политикон, хæстон æлхъывдад, фæнды сæ нæ хæдбардзинад, нæ культурæ фесафын. Æмдых Ныгуылæн Украинæйы быцæу расайдтой, нæ размæ сæвæрдтам нæ бирæнацион адæмы иудзинад сфидар кæныны, политикон нывылдзинады, æхсæнадон разыдзинады фарс рахæцыны, фидар экономикон рæзты нысантæ.

Уæрæсейы Президент нæ размæ цы хæстæ сæвæрдта, уыдон æххæст кæнынмæ Донбассы æмæ Украинæйы нæ адæм уайтагъд бавнæлдтой. Не 'фсæддонтæ се 'взыгъддзинады, лæгдзинады тыххæй райстой паддзахадон хæрзиуджытæ, Есенаты Таймураз æмæ Датиты Аланæн радтой Хъæбатыры Стъалытæ. Сæрмагонд æфсæддон операци куыддæр райдыдта, афтæ сарæзтам фыццаг ирон хæдбар къорд "Аланыстон", адæм райстой хæцæнгарз, сæрмагонд цæттæдзинады æууæлтæ ахуыры райсгæйæ цыдысты фронтмæ.

Æппæт фæзилæнтæ дæр банымадтам, тæссагдзинæдтæ ныллæг уаварæмæ æркодтам. Хæдбар къордтæн радтам уæлæдарæс, хъæугæ ифтонггæрзтæ. Уыдæттæ кодтам Уæрæсейы Хъахъхъæнынады министрадимæ. Уый фæстæ нæм фæзынд къорд "Ныббырст. Ирыстон". Фæззæджы нæм хайгай æрсидт ацыд, уыдæттæ психологон æгъдауæй уæззау сты. Фæлæ нæ læппутæ æвдисынц læгдзинад, уды хъару, фæстæмæ дæр нæ фæкастысты, афтæмæй слæууыдысты Фыдыбæстæйы сæраппонд.

Мах нæхирдыгæй алцыдæр аразæм, цæмæй нæ læппуты цур балæууæм, алцыдæр нывыл кæй у, уый базоныны тыххæй арæх мæхæдæг цæуын сæрмагонд æфсæддон операцийы бынатмæ. Бузныг зæгъын мæ фæнды нæ læппутæн, ахæм фидар æмæ æнæфæцудгæ, уæлахизыл æууæнкджын кæй сты, уый тыххæй. Сæ ныййарджытæн та уæлдай арфæтæ, ахæм нæлгоймæгты кæй схъомыл кодтой, уый фæдыл. Фæлæ царды бартыл хæцæнгарзимæ хæцгæйæ æнæ мæлæт нæ рауайы. Сæ рухс нæмттæ сын æдзæмæй алæугæйæ æрымысæм.

Хæдбар æфсæддонты алцæмæй ифтонг кæнын республикæ йæхимæ райста, фæрæзтæ бюджетæй нæ исæм, сты æнæбюджетон. Хæстон цауты бынаты сабыр цæрæг адæмæн гуманитарон æхху ыс æрвитæм, æхсæнадон организацитæ, амалхъомтæ, хуымæтæг адæм паддзахадон хицаудзинады оргæнтимæ иумæ кусынц. Нæ республикæйы цæрджытæн, амалхъомтæн бузныг зæгъын, нæ læппутæн æхху ыс кæй кæнынц, уый тыххæй.

Не 'фсæддонтæн æмæ сæ бинонтæн æхху ыс кæнын у нæ ахсджиагдæр хæс. Фæсфронт хæдзармæ цæфтæй чи ссыд, уыдон дæр сты æххуысхъуаг. Уыдæттæ йæ Ныстуаны фæбæрæг кодта бæстæйы Президент. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн арæзт æрцыд паддзахадон æхху ысы фонд. Хъуамæ операцийы æппæт архайджытæ, ветерантæ, хæсты чи фæмард, уыдоны бинонтæ исой æмбæлгæ æхху ыс. Цæгат Ирыстоны дæр фонд саразыныл куыст цæуы. Алы бинонтæн дæр сараздзыстæм социалон паспорттæ, хæстон цауты архайджытæн кæндзысты реабилитацийы æмæ ресоциализацийы мадзæлттæ.

Экономикæ

Фарон бæстæйыл фæзынд, Ныгуылæн ныл цы экономикон гæрæнтæ сæвæрдта, уый. Нæ экономикæ фæкъуылымпы, фæлæ Уæрæсейы Президент афойнадыл цы ахадгæ уынаффæтæ рахаста, уыдон бæстæ фæцудын нæ бауагътой. Нæ республикæйы экономикон бæрæггæнæнтæ рауадысты нывыл:

фарон промышленнон куыстады индекс рауад 106 проценты;

хиуагъд продукцийы бæрц 18,3 проценты фылдæр фæцис.

Экономикæ æмæ социалон къабазмæ инвестициты бавæрд рауад 43 миллиард сомы, дыууæ азмæ хъаваем бæрæггæнæнтыл 6,7 проценты бафтауын. Инвестицитæ бавæрдтам хъæууон хæдзарады, транспортон инфраструктурæйы, туризмы, национ проектты æмæ паддзахадон программæты. Республикæйы иумæйаг бюджеты æфтиæгтæ 2023 азы 1 январы рауадысты 61,6 миллиард сомы. Уый, фароны уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, у 19,8 проценты фылдæр.

Нæ Хицауад сæ размæ æвæрынц ахсджиаг нысантæ, хъуамæ промышленнон куыстады индекс 2023-2025 азты рауайа 113 проценты. Хъæууон хæдзарады иумæйаг мидбæстон продукт 2025 азы хъуамæ схиза 117 процентмæ. Инвестицион архайды рæзтыл æппынæдзух куыст цæуы. Бацæттæ кодтам 30 инвестицион фæзы, нæ инвестицион бакаст хуыздæр кæны, Национ рейтинджы стæм хуыздæрты 'хсæн. Нæ бæстæйы Президент 2030 азмæ Уæрæсейы национ рæзты нысантæ сбæлвырд кодта.

Уыдоны руаджы уæрæсейæгты царды уаварæтæ фæхуыздæр уыдзысты. Мах сарæзтам РЦИ-Аланийы экономикон рæзты хуыз. Бавæрдтам дзы фондз размæцыд проекты, æдæппæтæй сын бахъæудзæн 64 миллиард сомы. Фæзындзæн нæм 7 мин ног куысты бынаты. Ныр уал хъуыддæгты бавæрдтæм 20 миллиард сомы, скодтам 600 ног кусæн бынаты. Республикæйы Хицауадæн сæ размæ æвæрын, республикæйы экономикæмæ инвестицитæ æрбаздахыны хъуыддагыл бацархайыны хæс.

Æрмæст егъау амалхъомадыл нæ цæуы ныхас, хъуамæ рох ма уой чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомтæ дæр. Республикæйы мин адæймагмæ хауы 24 амалхъомадон объекты. Уыцы бæрæггæнæнæй Цæгат Кавказы федералон зылды стæм æртыккаг бынаты. Хи фæрæзты руаджы хъуыддаг чи байгом кодта, уыдон фарон уыдысты 25257 адæймаджы, махмæ ацы бæрæггæнæнтæ рæзынц. Ацы аз "Промышленносты рæзт æмæ йæ ерысхъомдзинад"-ы программæмæ гæсгæ федералон бюджетæй райстам 100 милуан сомы, республикæ дæр радих кæндзæн 50 милуан сомы. Хъуамæ куыстуæттæ балхæеной хъæугæ ифтонггæрзтæ

Республикæйы агропромышленнон комплекс фидарæй рæзы, фарон сын рауад æнтыстджын. Иумæйаг мидбæстон продукт рауад 42,5 миллиард сомы. Æнæ техникон модернизацийæ куыстад нæ рæзы, фарон хъæууон-хæдзарадон кусджытæ лизинджы руаджы райстой техникæйы 131 иуæджы 748,1 милуан сомæн. Туризмы рæзт нæ экономикæйыл фæбæрæг уыдзæн, фарон алыхуызон æмвæзады бюджеттæм туризмæй хъалонтæ бафтыд 1,5 проценты фылдæр. Æртæ егъау федералон туроператоры кусынц Цæгат Ирыстонимæ.

Нæ размæ бирæ нысантæ лæууынц, 9 туристон объекты уал нæм фæзынд, бавæрдтам дзы 1,8 миллиард сомы. Ацы аз дарддæр ахæццæ кæндзыстæм цалдæр объекты арæзтад, стырдæр объект у "Мамысон"-ы комплекс. Дæс азы дæргъы арæзтад æргъæвд цыдис, абон хъуыддагмæ læмбынæг бавнæлдтам. Дзæуджыхъæуы аразæм ирхæфсæн "Аланыстон-парк", фæлгæсæн цалх сæвæрдтам. Июны уал фыццаг туристтыл æмæ уазджытыл сæмбæлдзыстæм.

Паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæ

— Иу хатт ма йæ зæгъын — абон тынг ахсджиаг у, цæмæй нæ паддзахады царды алы къабаз дæр куса æнæкъуылымпыйæ! А фæстаг азты цаутæ нын ирдæй равдыстой, ахуыр кæуыл уыдыстæм, дунейы уыцы архитектурæ куыд сæртæг æмæ læмæгъ у æмæ алцыдæр куыд æнцонтæй фехæлдзæн, уый.

Уымæ гæсгæ, нæ алчидæр хъуамæ йæ кусæн бынаты архайа, цæмæй нæ бæстæйы сомбон уа фидар æмæ æнæфæцудгæ, цæмæй нæ адæмы царды уаварæтæ уой зæрдæмæдзæугæ.

Уымæн та нын æхху ыс уыдзысты паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæ. Æрмæст ивгъуыд аз мах куыстам ахæм программæтæй дыууæ æмæ ссæдзыл, уыдон цæмæй царды рацæуой, уымæн та федералон æмæ регионалон бюджеттæй рауагътой 28,6 миллиард сомы.

Ахуырад

Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты скуыстой иуæндæс удæнцой æмæ æдас ногræвдауæндоны.

Уый фæрцы нæм фæзынди дыууæ мин уæлæмхасæн бынаты скъолайы размæ ахуыргæнинæгтæн. Абонræвдауæндæтты бынæттæй хъуаг не 'йнафæм.

Байгом дыууæ ног скъолайы — Чермены хъæуы æмæ Беслæны. Ногир æмæ Дзæуджыхъæуы фæйнæ скъолайы та скуыстой бындуронæй сцалцæг кæныны фæстæ. Тагъд байгом уыдзæн ног скъола Черноярскы станицæйы. 32 скъолайы ма бындурон цалцæг скæндзыстæм ацы азы кæронмæ. Скъолатæ иууылдæр уыдзысты ифтонг тæккæ нырыккон техникон æмæ ахуырадон мадзæлттæй.

2024-2025 азты бындурон цалцæг кæндзыстæм 70 скъолайы æмæ 20 ахуырадон организацийы. Куыстыты аргъ уыдзæн 2,2 миллиард сомы.

Национ проект "Ахуырады" фæлгæты нæм байгом сывæллæтты технопарк "Кванториум". Байгом курдиатджын сабиты центр "Вершина", ис дзы 140 бынаты кæм ис, ахæм хуыссæн корпус. Райдыдтой кусын, уыимæ хъæуты дæр, "Рæзты бынæттæ", зæгъгæ, ахæм 22 ахуырадон бынаты.

"Иумæйаг Ныгуылæны" ныхмæ цæмæй фидар фæлæууæм, уый тыххæй хъуамæ æппæт хъарутæй дæр архайæм нæ ахуырад, наукæйы рæзт æмæ профессионалон дæсныйад бæрзондæй-бæрзонддæр кæныныл. Уый егъау куыст у, фæлæ йæ кæнын хъæуы æнæкъуыхцыйæ.

Ацы аз Уæрæсейы Президент Владимир Путин йæ Указæй рахуыдта "Ахуыргæнæг æмæ зондамонæджы аз". Хъуамæ фыццагау кадджын æмæ ахадгæ суа ахуыргæнæджы куыст!

2022 азы рахицæн кодтам 330 милуан сомы ахуыргæнджыты мызд фæфылдæр кæнынæн. Уымæй уæлдай ма сарæзтам æндæр мадзæлттæ уыцы фарстайы уаварæр фæхуыздæр кæнынæн, фыццаджыдæр, æхцайы фæрæзтæй.

Æнæниздзинад

Вазыгджын у нæ царды ацы къабаз алырдыгæй дæр. Ныхас цæуы нæ цæрджыты æнæниздзинадыл, хæрзхъæд медицинон æхху ысыл алы адæймагæн дæр. Хъыгагæн, бирæ лыггæнинаг фарстатæ ма нæм ис. Æмæ, раст зæгъгæйæ, уый тыххæй цæуы куыст дæр. Ивгъуыд аз скуыстой Горæтгæрон районы сæйраг поликлиникæйы фелсырон-акушерон пункт, амбулаторитæ хъæуты.

Бындуронæй цалцæг сты Кировы районы сæйраг рынчындон, амбулатори Луковскы станицæйы, фелсырон-акушерон пункт Цæлыккаты хъæуы.

Медицинон кусæндæттæн балхæдтам 56 алыхуызон кусæнгарзы, фараст сæрмагонд хæдтулгæйы.

Паддзахадон социалон æхху ысы фæлгæты рынчынты иуæй-иу къорд тæн рауагътой 1 миллиард сомы аргъ хостæ.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ нæм нæма фаг кæны хъæугæ læвар хостæ онкологийæ æмæ сæкæрнизæй рынчынтæн. Архайæм уый тыххæй уæлæмхасæн æхцайы фæрæзтæ ссарыныл.

Дæрддзæф хъæуты скуыстой цæугæ медицинон комплекстæ. Уыдоны фæрцы дохтыртæ бæстон æркастысты 24 мин адæймаджы æнæниздзинадмæ. "Тагъд æхху ысы" станцæты хæдтулгæтæ ууылдæр баивтам ногтæй.

Дард хъæуты байгом кодтам 51 афтечы, хæстæгдæр рæстæг та ма уыцы нымæцмæ бафтаудзысты 49.

Нæ дарддæры нысанты сты Мæздæджы, Горæтгæрон æмæ Алагиры районты фондз дзæбæхкæнынады арæзтад æмæ бындуронæй цалцæг, Рахизфарсы районы сæйраг рынчындоны поликлиникæйы рацарæзт, стæй Беслæны "Тагъд æхху ысы" дæлстанцæйы арæзтад. Рох нæ не сты Мæздæджы районы сæйраг рынчындоны арæндоны, сабиты рæуджыты низы стационары арæзтад, Цæгат Ирыстоны онкологийы диспансеры, улæфæнтæн æхху ысы республикон центры рацарæзт.

Граждæнтæн социалон æхху ыс

Нæ сæйрагдæр хæстæй сæ иу у нæ цæрджытæн æхху ыс кæнын — бирæсывæллонджын бинонтæн, царды зилдухы тыхст уаварты чи бахаудта, йæ сахъатдзинады тыхтæй йæ гæнæнтæ хæрз чысыл кæмæн сты, Беслæны теракты чи бахаудта, уыцы адæмæн.

2022 азы дарддæр цыди куыст, сывæллæттæ кæмæн ис, уыдонæн æхху ыс кæнынæй. Уый фæдыл æхцайы фæрæзтæ райстой 68 мины 662 адæймаджы, фæлладуадзæн æмæ æнæниздзинад фидардæр кæныны бынæттæм æрвыст æрцыдысты 32 мины 688 сывæллоны. Ацы аз уыцы нымæц схæццæ уыдзæн 36 минмæ. Æртæ æмæ фылдæр сабийы кæмæн ис, уыцы бинонтæн радих кæндзысты æдæппæт 560 зæхху хайы læвар.

Æхху ысхъуаг 8 мин 665 бинонтæ райстой æдæппæт 1 миллиард сомы æртыккаг æмæ фылдæр сывæллоны райгуырды фæстæ.

Иурæстæгон æхцайы фæрæзтæ райстой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 474 архайæг æмæ инвалиды, Ленинградыл æрхъуылайы рæстæджы цæрджытæ, концлагерты æмæ геттойы уæвæг адæм, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, стæй фæстæдæр чи амард, уыцы хæстонты идæдз устытæ.

Беслæны теракты чи бахаудта, уыдонæй 390 адæймагæн феххуыс кодтой æхцайы фæрæзтæй.

77 фатеры баххуырстой, æнæ ныйарæджы æхху ысæй чи баззад, уыцы æнахъом сабитæн. Уыцы куыст цæуыдзæн дарддæр дæр.

Арæзтад æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад

Стыр куыст цæуы арæзтадон къабаз æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады. 2022 азы сарæзтам цæрæнуæтты 341 мин æмæ 800 квадратон метры. Программæ "Уæрæсейы бинонты цæрæнбынаты" фæлгæты ног фатертæ райстой 338 бинонтæ, 248 та — æрыгон бинонтæ, хæстон быцæуты ветеранты бинонтæ, æнæбары æрбалидзæг адæм сæ царды уаварæтæ фæхуыздæр кæнынæн райстой æхцайы æхху ыс — æдæппæт 396 милуаны 800 мин сомы. Баххуыс кæндзысты, Херсон æмæ йæ рахизфарсæрдыгæй чи 'рбалыгъд, уыцы 17 бинонтæн дæр.

Радтой æхца Тогойы-фырты номыл уынджы бирæфатерон хæдзары арæзтад ахицæн кæнынæн.

Лыггонд цæуынц æмæ цæудзысты, иуæй-иу хæдзæртты арæзтадмæ æхца чи бахаста æмæ сæ хъуыддаг кæмæн нæ фæрæстмæ, уыцы адæмы фарстатæ.

Хæлддзаг цæрæнбынæттæй ног фатертæм баивтой 627 адæймаджы. Ацы аз уыцы куыст цæудзæн дарддæр.

Уæдæ куыст цæуы нæ хъæутæ æмæ горæтты фæлгонцад æмæ цæрыны уаварæтæ нывылдæр кæнынылдæр. Зæгъæм, ивгъуыд азы дзæвгар фæаивдæр сты 42 æхсæнадон æмæ 74 кæртыты фæзуæттæ. Уыдоны нымæцы сты Жуковскийы номыл сывæллæтты парк, Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Центрон парк, "Уæлахизы парк" Мæздæджы æмæ афтæ дарддæр.

2022 азы рацарæзтой донуадзæн хæтæлтæ Алагиры, доныздахæн æмæ тæркъæвдайы канализацийы хыстæ Беслæны, донæфсадыны æууæлтæ Мæздæг æмæ районы хъæуты, Мæздæджы донсыгъдæггæнæнтæ.

Рагæй дæр горæт Алагиры донæй æфсадыны хабæрттæ уыдысты сагъæссаг. Ныр æнтыстджынæй цæуы уыцы къуылымпытæ аиуварс кæныны куыст, уым уал рауагътой 10 километры бæрц ног хæтæлтæ. Уыцы, стæй ма иннæ ахадгæ мадзæлтты фæрцы горæт æмæ районы цæрджытæ донæй хъуаг нал æйнафдзысты.

Æмткæй райсгæйæ та Цæгат Ирыстоны донæй æфсадыны гæнæнтæн йæ 80 проценты сты ивинаг. Уымæ гæсгæ, нæ республикæ бахаудта федералон проектмæ, кæцыйы фæрцы нæ бон уыдзæн райсын федералон бюджетæй хъæугæ фæрæзтæ уавæр банывыл кæнынæн.

Цæуы куыст быræттæ куыд æмбæлы, ахæм уаг æмæ фæткыл æфснайынæн. Национ проект "Экологийы" фæлгæты кæронмæ æрхæццæ Дзæуджыхъæуы быröндоны рекультиваци. Ацы ахсджиаг фарстайыл архайынц Æрыдоны, Горæтгæрон æмæ иннæ районты дæр.

Дарддæр цæуы республикæйы цæрæнбынæттæм газ уадзыны куыст. Абон газ ис Цæгат Ирыстоны 94,3 проценты.

(Кæрон 2 фарсыл)

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **20 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **15-20 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **18-20 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,38

Хурыскаст — 05,10
Хурныгуылд — 18,48

Валютæйы аргъ

Доллар — 81,73 ↑
Евро — 89,58 ↑

12+

Аудынад

Дыууæ хæдтулгæйы

Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг хайады уæнгтæ æмæ æфсæнвæндаджы кусджытæ Дзæуджыхъæуæй сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны тæлммæ арвыстой дыууæ хæдтулгæйы.

"Автопоезд" амынд тæлммæ ацыд Адæмон фронты æмæ Уæрæсейы æфсæнвæндаджы иумæйаг акцийы фæткмæ гæсгæ.

— Нæ республикæйы Сæргъæлæууæджы администрациимæ иумæ кæй æххæст кодтам, уыцы регионалон æмбырдкæнынад "Алцы — Уæлахизæн"-ы рæстæг нын бацæттæ кæнын бантыст дыууæ хæдтулгæйы. Ацы хæдтулгæтæй нын иуы лæвар бакодтой, дыккаг та балхæдтам нæ республикæйы цæрæг адæмы мысайнæгты хардзæй. Æфсæнвæндаджы кусджыты æххуысæй гуыргъахъх фæндæгтыл цæуæг дыууæ хæдтулгæйы сæвæрдтам платформæтыл æмæ, æппæт Уæрæсейæ æрбафтæг хæдтулгæтæ кæм æмбырд кæнынц, уыцы горæт Ростовмæ сæ лæвар баластой. Ацы хæдтулгæты хъуаг чи у, фæстæдæр сæ уыцы æфсæддон хæйттæн ратдзысты, — загъта Адæмон фронты цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Гæлиты Клим**.

УЫРЫЙМÆГТЫ Фатимæ

Æрæфы районæй

Сыхаг хъæумæ — фистæгæй

Дыгургомы фондз хъæуæй сывæллæтты бахъæуы сыхаг Мæцутæйы скъоламæ фистæгæй цæуын.

Зæгъæн ис, æмæ æрвылбон сывæллæтты æрмæст иуырдæм ацæуын бахъæуы 5-13 километры дæрддзæфмæ.

— Ныртæккæ нæ хъæуы скъолайы бындурон цалцæггæнæн куыстытæ кæй цæуынц, уый нымайгæйæ, Мæхческæй, Къаматæ, Уæхъæц, Стыр-Дыгур æмæ Дзинагъайæ ссæдз сывæллоны раивтой Мæцутæйы скъоламæ. Транспорт ис, фæлæ сывæллæтты чи ласид, ахæм скъæрæг кæй нæй, уый нымайгæйæ, сыхаг хъæумæ скъоладзауты цæуын бахъæуы æмдзугæнæг транспортæй, арæх та — фистæгæй. Хохмæ 'ввахс бынæтты рæстæгæй-рæстæгмæ лыстæг зæйтæ рацæуынц. Скъоламæ сывæллæтты æрвитын тæссаг у, — зæгъы мæхческаг **Синаты Зæлинæ**.

Рæхджы амынд фарста лыггонд кæй æрцæудзæн, ахуырдзауты ныййарджытæ сæ зæрдæ ууыл дарынц.

Нæ уацхæссæг

Мæздæджы районæй

Скъола-интернаты цалцæг

Мæздæджы скъола-интернаты бæстыхай цалцæг кæнын райдайдзысты фæлварæнтæ радтыны фæстæ.

Ахуыргæнæндоны бындурыл фæлварæндæттæн бынат кæй сарæзтой, ацы æууæл уыимæ баст у. Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: ацы азы февралы скъола-интернаты бæстыхайы рауад зынгсирвæзт. Ахуыргæнæндоны 500 квадратон метрæй фылдæр фæзуат цалцæггæнинаг у.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Цæстдард

Мард адæмы пенситæ давæг

Горæтгæрон районы цæрæг сылгоймаг дæс азы дæргъы æнæзакъонæй иста амæлæг адæймæгты пенситæ.

Сылгоймаг Пенсион фондмæ барвыста мæнг бæрæггæнæнтæ æмæ ацы бæрæггæнæнты бындурыл 1999 æмæ 2008 азты районы амæлæг дыууæ адæймагæн æмбæлгæ пенситæ 2013 азæй фароны онг иста. Амынд рæстæгмæ сылгоймаг райста 2,3 милуан сомæй фылдæр æхца.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Горæтгæрон районы тæрхондонмæ. Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад тæрхондонмæ барвыста закъонхалæг сылгоймаджы архайды аххосæй хаст материалон зиан бафидыны тыххæй граждайнаг куыдриат.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргъæлæууæг Сергей Меняйлойы раныхас республикæйы социалон-экономикон сæйраг рахæцæнты æмæ 2022 азы республикæйы Хицауады архайды тыххæй

(Райдайæн 1 фарсыл)

Фæндæгтæ æмæ транспорт

Муниципалон скондты фæндæгты райрæзтыл мах архайæм паддзахадон программæмæ гæсгæ. Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты ног арæзт æмæ цалцæггонд æрцыдысты 150 километры автомобилон фæндæгтæ, æдæппæт 3,6 миллиард сомы аргъæй фылдæр. Рацарæзтой фæндæгтæ туристон объекттæм. Уыдонмæ хауынц курорт "Мамысон"-ы ног арæзтад, Цыколайы турбазæ "Комы-арт". Ныртæккæ, Хъолайы цъитийæ зæй æрцыды фæстæ фыццаг хатт Гæналдоны комæй Дæргъæфсмæ ацæуæн ис æдас уæрæх фæндагыл.

Æхсæнадон транспорты куыст нæ республикæйы у æппæты риссагдæр фарста. Дæсгай азтæ уыцы фарстамæ фаг æргом здæхт нæ цыд. Афтæмæй та йæ реформæ кæнын хъуыд тынг рагæй! Фарон транспортон пълан кæныны математикон моделыл куыст сæххæст кодтам. Æппæт æнæлыггонд фарстатæ ахицæн кæныны тыххæй сбæлвырд кодтам бæлццæттæ ласыны системæ, бæрæггонд æрцыдысты паддзахадон æмæ хи транспортыл куыстуæтты архайды фæткмæ, бæлццæтты удæнцойæн æлхæд æрцыд нырыккон 67 автобусы, хæстæгдæр рæстæгы ма республикæмæ æрбафтдзæн 20 автобусы. Фарон муниципалон контракт фидаргонд æрцыд 28 нырыккон трамвай райсынæн. Дарддæр нысан кæнæм трамвайты фæндæгтæ рацаразын кæнын æмæ депо саразын. Æнæ зæгъгæ нæй, ивгъуыд азы кæрон аэропорт "Дзæуджыхъæуы" ног терминал кæй байгом, уый тыххæй.

Æхсæнадон-политикон фарстатæ

Ацы аз мах бакæнын хъæуы егъау куыст Хицауад æмæ æхсæнады æмархайд фæхуыздæр кæныныл.

Уыцы хъуыддаджы хорз кусы республикæйы Æхсæнадон палатæ. Уæлдай хуыздæр та йæхи равдыста æвзæрстыты рæстæг. Уым арæзт æрцыд æвзæрстытæм цæстдарыны æхсæнадон штаб. Фæнды мæ æхсызгонæй фæбæрæг кæнын, абон æхсæнадон иугæндтæ кæй ахсынц ахсджиаг бынат паддзахадон хицауад æнтыстджынæй кæй кусынц, регионы царды æмвæзад фæбæрзонддæр кæныныл, уым. Ахсджиагдæр нысантæй иу у æвзæрстыты хъуыддаг.

Фарон республикæйы æвзарджытæ сæвзæрстой Цæгат Ирыстоны Парламенты депутатты, ноджы архайдтой 150 бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæм æвзæрстыты. Хъуыддаг ацыд æнæ закъонхæлдтытæй æмæ цаутæй. Депутаттæ сæ куыст хъуамæ аразой партиты 'хсæн æмгуыстадæй нæ республикæйы цæрджыты пайдайæн!

Ацы аз та нысангонд цæуынц муниципалон æвзæрстытæ. Мах нæ зæрдæ дарæм, политикон партиты регионалон хайæдтæ конструктивон куыст кæй бакæндзысты, ууыл.

Ныртæккæ нæ паддзахады Сæргъæлæууæджы хъæппæрисæй арæзт цæуы егъау мадзæлттæ нæ бæстæйы социалон-экономикон уаваер фæхуыздæр кæнынæн.

Культурæ

Регионы æххæст райрæзтæн нæй гæнæн æнæ монон æмæ культурон цардæй. Махæн цы диссаджы бынтæ баззад, уыдон хъуамæ æрмæст хъахъхъæнгæ ма кæнæм, фæлæ архайæм сæ фæфылдæр кæныныл.

Культурæйы къабазы цаутæй нæ республикæ уыд хъæздыг. Бæрзонд æмвæзадыл ацыдысты Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы кадæн мадзæлттæ. Цалцæггонд æрцыдысты Нарыхъæуы Хетæгкаты Къостайы хæдзар-музей, Зыруджы аргъуан, дурæй дзуар "Зылын цырт". Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты цалцæггæнæн куыстытæ бакодтой цыппар аргъуаны. Абон ма мах нæхи цæттæ кæнæм Дзæуджыхъæуы райгуырæг зындгонд театралон режиссер Евгений Вахтанговы хæдзар кадджын уаваеры байгомы бон. Уыцы егъау мадзал саразыны хæстæ республикæйы æххæст æххуысæй йæхимæ райста Вахтанговы номыл паддзахадон академион театр. Хæдзар-музей суыдзæн йæ филиал.

Мах нæхи цæттæ кæнын райдыдтам Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азы бæрæгбонмæ. Уыцы бæрæгбон фидаргонд æрцыд Уæрæсейы Президенты Указæй. Дарддæр ма кусæм цалдæр регионалон проектыл. Æххæстгонд æрцыд бæхты театры комплекс "Нарт"-ы проект.

Фарон сцалцæг кодтам Паддзахадон академион ансамбл "Алан"-ы агъуыст. Стыр ахсджиаг проектыл нымайæм дунеон культурон-патриотон центр "Беслæн 1-æм скъола"-йы арæзтад.

Ивгъуыд аз рацарæзтой федералон æмæ регионалон нысаниуæджы 7 культурон объекты. Егъау куыстытæ нæм æнхъæлмæ кæсы ацы аз дæр. Техникон ифтонгдзинады мадзæлттæй æххæстгонд æрцæудзæн Тугъанты Махарбенджы номыл музей, рацараздзысты Алагиры Культурæйы хæдзар "Фæскомцæдисон", Беслæны нысангонд цæуы Фæсивæды галуаны, Сывæллæтты сфæлдыстадон хæдзар æмæ Музыкалон скъолайы арæзтад. Хъæугæ хъуыддагыл нымайæм национ проект "Культурæ"-мæ Цæгат Ирыстоны Ирон академион театры капиталон цалцæг бахæссыны фарста дæр.

Физикон культурæ æмæ спорт

Нæ граждæнты хæрзвадат æмæ æнæниз цардæн стыр ахъаз у физикон культурæ æмæ спорты архайынæн инфраструктурæ саразын. 2022 азы нæ атлеттæ, алыхуызон чемпионаттæ æмæ ерысты райстой 951 хæрзиуæджы. Уыдонæй 110 майданы сты, физикон æгъдауæй йæ фадæттæ къуындæг кæмæн сты, уыцы спортсменты.

Æнæуый, нæ республикæйы абоны онг физикон культурæ æмæ спорты архайы 233 мин адæймаджы. Уый бæрзонд бæрæггæнæн нæу, нæ бæстæйы иннæ регионтимæ абаргæйæ. Ацы къабазы иудадзыг хъæуы системон куыст кæнын, уымæн æмæ царды æмвæзад бæрæг кæны, адæмæн спортивон объекттæ, æмæ се 'нæниздзинадмæ цæстдарынæн хæрзвадæттæ куы уа, уæд.

Ивгъуыд аз кусын райдыдтой: Æрыдоны спорткомплекс, поселок Хуссайраджы физкультурон-дзæбæхгæнæн гом хуызы комплекс, дыууæ "зондджын" спортивон фæзы та Мæздæг æмæ Сунжæйы. Цалдæр боны размæ ма байгом кодтам стадион "Пищевик" дæр Беслæны.

Нацпроект "Демографи"-йы, "Спорт — царды нормæ", — зæгъгæ, программæйы фæлгæты Дзæуджыхъæуы аразæм дыууæ егъау спортивон объекты — æхгæд футболон манеж æмæ физикондзæбæхгæнæн комплекс ленк кæнæн бассейнимæ. Ацы дыууæ фарстайы æххæстгонд æрцæудзысты 2024 азы кæронмæ. Дзæуджыхъæуы райдыдта физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс "Клеверспорт"-ы арæзтад дæр. Ацы объект та кæронмæ арæзт æрцæудзæн 2025 азмæ. Уымæй дарддæр арæзт цæуы ихын аренæ æмæ спортивондзæбæхгæнæн комплекс Цыколайы.

Архайд цæуы республикон стадион "Спартак"-ы рацарæзтыл дæр. Уыцы куысты абон фыдæбон кæны 200 адæймаджы. Куыстытæ цæуынц дыууæ радæй. Бирæ хъуыддæгтæ дзы арæзт æрцыд ныридæгæн. Цы цæлхдуртæ сæвзæры, уыдон та æвæстиатæй баныл кæнæм.

Фæсивæдон политикæ

Традицион æгъдауæй физкультурæ æмæ спортæй нæ республикæйы архайы фылдæр фæсивæд. Махæн та нæ иумæйаг хæс у, канд æнæниз царды уагмæ тырнындзинады хъуыддæгты нæ, фæлæ сын се 'хсæн нывыл зондахаст æвзæрын кæныны фарстатыл дæр кусын.

Нæ республикæйы тынг хорз чызджытæ æмæ лæппутæ ис. Æппæты уæззаудæр, коронавирусы пандемийы æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы рæстæджыты нæ æрыгон бархионтæ равдыстой, кæддæриддæр сыл зæрдæдарæн кæй ис, ахæм лæгдзинад. Уый фæзминаг дæнцæг у, хицауиуæггæнæг оргæнтæй хъæугæ æххуыстæ куы цæуа, уæд. Абон, фæсивæдимæ ахæм куыст кæнын, æнæмæнг хъуыддаг у. Фæлтæрддзинад æмæ сын нæ зонындзинæдтæ хъуамæ æнæвгъауæй дæттæм, республикæйы цы процесстæ цæуы, уырдæм сæ здахæм.

Фарон Цæгат Ирыстон баиу, УФ-йы Президент нæ бæстæйы сывæллæттæ æмæ фæсивæды Æппæтуæрæсеон æхсæнадон-паддзахадон змæлд саразын кæмæн бахæс кодта, уыцы организациимæ. Дарддæр куыстытæ цæуынц ахуырадон-методикон центр "Авангард"-ы арæзтады дæр. Центры нысан уыдзæн, рæзгæ фæлтæримæ патриотон-хъомыладон куыст кæнын. Ахсджиаг ма у, сывæллæтты уæлæмхасæн ахуырады программæтæм здахын дæр. Ныридæгæн скъоладзауты 75 проценты архайынц алыхуызон къордтæ æмæ секциты. Æнæмæнг сын хъæуы уавæртæ аразын сæ интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ физикон рæзтæн. Ноджыдæр ма иу фарста: абон архайд цæуы нæ республикæйы Фæсивæдон парламенты ног скондыл. Ацы регионалон-æхсæнадон организаци арæзт æрцыд фæсивæды æхсæнадон змæлд сфидар кæнынæн, граждайнаг хъуыдыкæнынад æмæ барадон культурæ сын се 'хсæн райрæз

Юбилей

Цард — бæллиц, цард — театр

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АДÆМОН АРТИСТ КЪУЫМÆЛЛÆГКАТЫ ВЛАДИМИРЫЛ СÆХХÆСТ 55 АЗЫ.

"Театры мидис æрмæст ирхæфсынæн куы уаид, уæд ыл, чи зоны, уый бæрц тыхтæ дæр нæ хъæуид хардз кæнын. Фæлæ театр у цардæвдисæг аивад", — фыста зындгонд театралон режиссер Константин Станиславский.

Цыфæндыйæ дæр театр æмæ кинойы актер ма суыдаид Къуымæллæгкаты Владимир, уымæн уæвæн нæ уыд. Йæ миддуне, авгау, сыгъдæг, сывæллонау æппæтыл æууæндаг, йæ абухгæ æнкъарæнты суадонæн æнæстонгæ нæ уыд, раджы уа-æрæджы.

Йæ мады 'фсымæр **Адеты Умар** уыд мадæлон æвзаджы ахуыргæнæг, дзæнæты бадинаг **Тылаттаты Бексолтаны фыд Сандро** та **Адеты** хæрæфырт уыд.Ræзгæ лæппуйы цардыл, йæ равзæрст сфæлдыстадон фæндагыл сæ дыууæ дæр тынг фæбæрæг сты. Куыд сæрыстыр уыд чысыл Вовæ Бексолтанæй, уæвгæ дзы æгас Джызæлы хъæубæстæ дæр сæ сæр бæрзæндты хастой!

Иннæ ахæм — **Къуымæллæгкаты æфсымæртæ** — **Мурат** æмæ **Бибо**... 1980 азы экранмæ рацыд режиссер Борис Дуровы ист аивадон киноныв "Пираты 20-го века", адæм йæ фенынмæ гуылф кодтой кинотеатртæм. Ахъазыдысты дзы дыууæ ирон актеры — **Къуымæллæгкаты Бимболат** æмæ **Дзытиаты Лактемыр**. Куыд сæрыстыр сæ уыд уыцы рæстæг Вовæ, уæлдайдæр — йе 'рвадæй. Арæх-иу уыдысты Бексолтан, Бимболат æмæ Мурат сæ хæдзары, дзаг фынджы уæлхъус-иу цыд ныхас аивадыл, стæй царды алыхуызон хъуыддæгтыл.

80-æм азты Ирон театры актертæ сарæзтой зарæггæнджыты ансамбл **"Хурзæрин"**, йæ администратор уыд Къуымæллæгкаты Мурат. Цыдысты Ирыстоны горæттæ æмæ хъæутæм концерттимæ. Джызæлы Культурæйы хæдзары радон мадзал арвитыны фæстæ-иу сæ фæндаг ракодтой Къуымæллæгкаты фæрнджын хæдзарыл. Куыд хъал-иу уыд уыцы рæстæг фидæны театрæн лæггадгæнæг лæппу. О, нæ фæрæдыдтæн, афтæ йæ кæй рахуыдтон, уымæй. Сценæ канд уарзын нæ домы актерæй, уды арфæй лæггад ын хъæуы.

Йæ фыццаг рол Къуымæллæгкаты Вовæ ахъазыд Джызæлы скъолайы ахуыргæнгæйæ. Уый уыд пъырыстыфы рол Кочысаты Розæйы пьесæ **"Нæ пъырыстыф сæрра"**-мæ гæсгæ æвæрд спектаклы. Фæлæ, рагуалдзæг, малусæджы фæзындау, ныр ма сфæлдыстадмæ ницы бар дардта.

Цардбæллон лæппу райста монтировщикы дæсныйад æмæ Ирон театрмæ бацыд сценæйы кусæгæй, уыцы-иу рæстæг архайдта спектаклты, хъазыд иумæйаг сценæты.

Дыууæ хатты фæлвæрдта актеры дæсныйад райсынмæ, фæлæ сфæлдыстадон фæндаджы райдайæн бирæтæн лæгъз нæ вæйыы. Уæдмæ нæхимæ дæр, Дзæуджыхъæуы Аивæдты училищæйы, байгом "Театр æмæ кинойы актер"-ы хайад, æмæ 1988 азы Къуымæллæгкаты Владимир ссис йæ фыццагкурсон. Бонæй ахуыр кодта, изæрæй та — кусгæ. Курсы разамонæг уыд Гæлæуты Анатоли. Цыппар азы сын аивады дунейы сусæгдзинæдтæ æнæвгъауæй гом кодтой ирон сценæйы дæснытæ **Брытъиаты Зариффæ, Икъаты Серафин, Туменаты Еленæ, Сланты Къоста, Беккуызарты Орзетæ, Бекмæрзты Æхсар, Гуыбиаты Хъазыбег, Хъæцмæзты Лазыр**.

Йе 'мкурсонтæ **Гæбуты Жаннæ, Гæлæуты Зæлинæ, Æлбегаты Ларисæ, Хуыбиаты Нелли, Дзасохты Ирæ, Малхъарты Зæлинæ, Кочиты Георгиимæ** абон дæр се сфæлдыстадон фæндæгтæ нæ фæхицæн сты. Уæдæ, **Черчесты Дианæимæ** та æртыккæгæм курсы сарæзтой арфæйаг бинонты къорд. Сæ чындзæхсæвы дыууæ боны дæргъы Къуымæллæгкаты Раман æмæ Райæйы хæдзары къæрццæмдзæгъд хъазты уылæнтæ, кæрæдзийы ивгæйæ, уæлæрвтæм хъуыстысты, Владимир та уыцы бонты Ирон театры сценæйыл **Дзантиаты Анатолийы** цардæмбал, республикæйы адæмон артисткæ **Черчесты Дианæимæ** спектаклты хъазынмæ. Театр уарзыныл сахуыр кодтой сæ чызг **Фатимæйы**, стæй фырт **Арсæмæджы** дæр. Дыууæйæ дæр сæ рæзгæ бонтæ Ирон театры арвыстой. Чысыл Фатимæ фыццаг хатт сценæмæ рахызт йæ мад Дианæимæ Хуыгаты Георы пьесæмæ

пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакл **"Рæдау Тутыр"**-ы премьерæйы хъазыд.

Уæдæй рæстæг рацыд, фæлæ абоны онг дæр йæ зæрдæйы ахаст театрмæ нæ аивта. Цыппор ролæй йын фылдæры бантыст ахъазын, сæ фыццаг уыд Хъылцыхъойы рол Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакл **"Дыууæ хойы"**. Фæстæдæр уыдысты Проспер Меримейы "Африкæйаг уарзондзинад"-ы Зейн-Бейн-Умейдойы, Будтуты Рамазаны "Дзандзирахъ"-ы Бадрийы, Годжыцаты Исахъы "Хъæддаг чызг"-ы Дзандары, Хуыгаты Георы "Æхху ырст фæтæг"-ы Дуггийы, Хъайттаты Сергейы "Дыууæ зæрдæйы" Дæргъæвсаджы ролты.

Хуыгаты Георы "Хъæздыг хæдзар"-ы Тотыры сурæт дыууæ фестивалы жюрийы уæнгтæ хуыздæрыл банымадтой фæрсаг ролы номинацийы. Сæ иу уыд Адыгейы (фестиваль "Кавказский меловой круг"), иннæ — Дзæуджыхъæуы (фестивал "Театралон маскæ").

Къуымæллæгкаты Владимирæн æнтысы бирæвæрсыг сурæттæ аразын, комедийæ райдай æмæ драмон уацмысæй фæу. Алы рол дæр, сæйраг ын уа, æви фæрсаг — кæсы йæм иухуызон, бæрнон цæстæй. Уымæн афтæ агайынц зæрдæ йæ нывæзт сурæттæ, зæрдæйы арфæй кæй цæуынц, уый æнкъары театрдзау. Адæмæн уарзон артист Андрей Мироновы хъуыдымæ гæсгæ, залы бадæг театрдзауты комулæфт, сæ ахаст

Спектакл "Ревизор" Квартальныйы ролы

сценæйыл цы цæуы уымæ, ницæмæй ис баивæн.

Иу æмæ дыууæ хатты нæ рацыд сценæмæ йæ гæсгæ æвæрд спектакл "Нафи æмæ Нафигæйы чыздзжытæ"-йы. Фæстæдæр æй раивта йе 'фсымæр Арсæмæг, Фатимæйы сфæлдыстадон фæндаг та адарддæр национ телеуынынад "Осетия-Ирыстон"-ы.

Йæ равдыст "Фатимæ, бафæлвар-ма!" эфиры цыд æртæ азы. Арсæмæгæн та бантыст, Ирон театры репертуары цы спектаклтæ цыд, уыдонæй фондзы ахъазын.

Се сфæлдыстадон цæдис канд театры сценæмæ нæ хауы. Дæс азмæ 'ввахс ПТРК "Аланыстон"-ы цыд

Спектакл "Хъæздыг хæдзар". Тотыры ролы

Айларты Асæхмæты æрхъуыдыгонд юмористон журнал "Дам-думтæ", фæстæдæр ын радтой æндæр ном: "Худæм æмæ худæм". Цардæй ист ныв тæ видеолентыл рауадзыныл Владимир куыста куыд актер æмæ сценарист. Журналы дæсгай сюжетты ахъазыд йæ бинойнаг Черчесты Дианæ æмæ сæ фырт Арсæмæгимæ.

Фæстæдæр, национ телекомпании "Осетия-Ирыстон"-ы бакуыста сывæллæтты равдыст "Алæмæты аргъæуттæ" эфирмæ бацæттæ кæныныл, у йæ амонæг. Æнахуыр зæрдæмæдзæугæ рауад программмæ, дыккаг ахæм сæдæгай каналты 'хсæн нæй ссарæн, эфиры цæуы абоны онг.

Нæ хъайтарæн бантыст къорд аивадон киноныв ахъазын. Æрæджы уæрæсейаг экрантæм рацыд актер æмæ режиссер Игор Копыловы аивадон киноныв "Сыгъзæрин бронзæ", Владимир дзы ахъазыд тренеры ролы. Бантыст ын режиссер Ходжакули Нарлиевы аивадон киноныв "Мады хъæлæс"-йы эпизоды ахъазын.

Фæлæ, уæддæр нæ хъайтары царды ахсджиагдæрæй цы ис, уыдон æнæзынгæ тæгтæй фидар баст сты театримæ, Ирон театримæ.

Æцæг æмгардзинады ад дæр ам банкъардта. Мыртазты Тимуримæ сæ фыццаг бонæй фæстæмæ иу кæны, цардмæ æмхуызон цæстæй кæй кæсынц, кæрæдзийы иу сныхасæй дæр кæй æмбарынц, дыууæйæ дæр ирондзинады тæгтæ царды кæй нывæндынц æмæ йæ хорздзинадыл кæй архайынц, уый.

"Цæрæкты Оледжы бæсты хъуамæ хъазыдаин спектакл "Чери"-йы. Вовæ цалдæр азы театры нæ куыста, æмæ фæскулисты спектаклы рæстæг куы фæзынд, уæд "чи у?", зæгъгæ, фæрсын йæ бинойнаг Черчесты Дианæйы. Уыимæ та спектаклы уарзæтты хъуамæ ахъазыдаиккам. Йæ мидбылты бахудт, фæлæ ницы сдзырдта, фефсæрмы, æвæццæгæн. Гуыбиаты Хъазыбег мын бамбарын кодта, мæ сценикон партнеры цардæмбал кæй у. Афтæ рауад нæ зонгæдзинад, уæдæй фæстæмæ нын царды дæр, сценæйыл дæр иу ахаст ис, цы зонæм, æнкъарæм æмæ уынæм, æппæт уыдæттæм", — зæгъы **Мыртазты Тимур** — РЦИ-Аланийы сгуыхт артист. Хистæр æфсымæры цæстæй кæсы йе 'мбалмæ Владимир, бирæ хатт сæ хæццæ дæр фæкæнынц.

Иуахæмы Владимир залы бадт спектаклы рæстæг, йæ фарсмæ та сылгоймаг йæ къаннæг чызгимæ. Нымдзаст æм сты, сæ цæстæнгас сын куы нæ уал фæрæзта уромын, уæд сылгоймагмæ дзуры, цыдæр бафæрсинаг дæ, зæгъгæ. Уый дæр æй мидбылхудгæ бафарста, сценæйыл Тимурмæ амонгæйæ, де 'фсымæр у, зæгъгæ.

Хъæлдзæг цауы бахауд Тимур йæхæдæг дæр. Цæвиттон, Беслæны фæурæдта йæ хæдтулгæ, дон алхæнон, зæгъгæ. Æнæзонгæ нæлгоймаг æм бауад, ныццин ыл кодта, "о, мæнæ ма кæй уынын", куыдтæ стут, Вовæ, зæгъгæ. Фæрафæрс-бафæрс æй кодта хиуæттæй. Куыд æй фæкъæмдзæстыг кæноны хъуыдымæ йын бæлвырд дзуапытæ фæлæвæрдта йæ фарстытæн Тимур дæр, уæдæ цы уыдаид. Æмæ ахæм цаутæ иу æмæ дыууæ нæ уыд сæ царды.

Цы рацард, уый фылдæр хай ирон аивадæн снывонд кодта Къуымæллæгкаты Владимир. Снывонд кодта, уымæн æмæ йæ цард цæуыл лæууы — бинонтæй райдай æмæ хуымæтæг хъуыдытæй фæу — æппæт дæр баст сты ирон театралон аивадимæ, йæ хъæздыг къæбиц ын фæхъæздыгдæр кæнынимæ, бæркадджын æвæрæн æм бахæссынимæ, ирондзинад æмæ арфæйаг хъуыдытæ адæмыл парахат кæнынимæ. Кæй сæхæст уыдзысты йæ нысантæ, уый та дызæрдыггаг нæу.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Æрдзы бæрæггæнæнтæ

Уалдзæджы дыккаг мæй зулчъытæ фæзындысты — хурджын сæрдмæ.

***

Арвыл рог æврæгътæ — уарынмæ.

***

Ихы бын доны уынæр хъуысы, их та салд — æвзæр тыллæгмæ.

***

Уалдзæджы дон нæ раивылд — уарынджын сæрдмæ.

***

Уалдзæджы мит куы нæма атайа, афтæмæй арв куы ныннæра — тыллæгмæ ма 'нхъæлмæ кæс.

***

Уалдзæджы дыккаг мæйы донарæх мæйрухс æхсæвты арæхмæ цæуы.

***

Хуымгæнæны мæй арв ныннæрыд — фæззæджы бирæ тыллæг уыдзæн.

***

Мит куы тайа, афтæмæй ма йыл хъуына куы бада — хъæды бирæ зокъотæ уыдзæн.

***

Хъазтæ бæрзæндты тæхынц — уарынтæ арæх уыдзæн.

Бакæс, базон

Цæмæй страусы айк къуыдырвых скæнай, уый тыххæй йæ фыцын хъæуы дыууæ сахаты.

***

Иу милуан доллæры купюрæтæй – шугай доллæртæй ласдзæн шу тоннæ.

***

Номдзыд уырыссаг поэт Корней Чуковскийы æцæг мыггаг æмæ ном – Николай Василийы фырт Корнейчуков.

***

АИШ-ы адæм фылдæр мæлынц, тамако кæй дымынц, уый аххосæй. Уæрæсейы цæрджытæн та сæ зианхæссæг у карз ноз.

***

Цæмæй адæймаг, уыцы-иу рæстæг хур æмæ арвæрдын уына, уымæн æй бахъæудзæн сæрмагонд оптикон æвгтæ.

***

Дунейы æппæты хæцагдæр куыдз у немыцаг овчаркæ.

***

Китайæгтæ сæ дæндæгтæ сæрмагонд пастæ æмæ щеткæйæ не 'хсынц, фæлæ сæ дæндæгтæ ранхъæвзынц цъæх цайæ.

***

Австриаг пианист Пауль Витгенштейæн йæ рахиз къух алыг кодтой фыццаг дунеон хæсты рæстæг. Фæлæ уæддæр галиу къухæй дæр иттæг хорз цагъта. Æмæ йæ ном айхъуыст дунейыл.

***

Бразилийы цæрджытæ сæхи найынц бон 3- 4 хатты. Уазæгуаты сæм куы бацæуай, уæддæр хъуамæ фынгыл æрбадыны размæ дæхи фысымтæм цынайай.

Хæлардзинады тæгтæ

Ирон поэты зонынц Алтайы

Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег стыр æвæрæн бахаста алтайаг литературæмæ, стæй дыууæ регионы — Ирыстон æмæ Алтайы адæмты 'хсæн хæлардзинады тæгтæ ауадзынмæ. Бирæ азты бакуыста Хæххон Алтайы автономон облæсты прокуратурæйы къабазы.

Хъазыбеджы æмдзæвгæтæ æмæ тæлмацтæ фыццаг хатт мыхуыры рацыдысты 1979 азы газеттæ "Звезда Алтая" æмæ "Алтайдын Чолмон"-ы. Уый фæстæ рацыд роман "Зейнап" æмдзæвгæйы хуызы, 2002 азы та — чиныг "Уæхи æрæмбарут, адæм!".

2015 азы рухс федта роман-трилоги "Цалх", 2022 азы та — 8-томон æмдзæвгæтæ Алтайы куыстуарзаг адæмы цард, йæ диссаджы æрдзы тыххæй. Уыцы рæстæг сфæлдыстадон куысты йæ фарсмæ цæстуарзонæй балæууыдысты раззагдæр поэттæ Борис Укачин æмæ Паслей Самык.

Торчыны-фырт йæ фæллойадон куыст райдыдта слесырæй Беслæны завод "Дыккаг фондзазон"-ы. Фæстæдæр фæцис Махачкалайы педагогон институт æмæ куыста уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй Беслæны астæууккаг скъолайы 1966-1974 азты. Уый фæстæ каст фæцис Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты юридикон факультет. Куыста Мидхъуыддæгты министрады слестгæнæгæй, æвзæрст уыдис депутатæй дыууæ æрсидты РЦИ-Аланийы Парламентмæ. Кæд Хъазыбег ныртæккæ йæ кары бацыд, уæддæр кусы адвокатты кабинеты разамонæгæй æмæ дарддæр дæр регионты 'хсæн литературон æмгуыстады бастдзинæдтæ фидар кæны.

2022 азы майы Хæххон Алтайы уыд поэт Торчынты Хъазыбеджы сфæлдыстадон изæр М.В.Чевалковы номыл национ библиотекæйы. Радзырдтой дзы бирæ мысинæгтæ 1970 азæй 1980 азмæ сæ ивгъуыд цардæй. Иннæ бон та сын уыд семинартæ студенттимæ. Уым



Слово о настоящем друге

поэт радзырдта йе сфæлдыстадон истори, йæ фæлтæрддзинад æмæ йæ поэтикон архайды тыххæй.

2004 азы Беслæны бæллæх куы 'рцыд, уæд 1100 ахуырдзау æмæ ахуыргæнджытæ бæллæхы бахаудысты сæхи скъолайы террористты къухтæм. Уыцы бæллæхы иувæрсты нæ ахызтысты Хъазыбеджы бинонтæ дæр. Студенттæ læмбынæг хъуыстой, терроризмы æвирхъау знаггадзинæдтæн æруадзæн кæй нæй, дарддæр дæр сæ ныхмæ тох кæнын, сабыр царды тæгтæ уадзын кæй хъæуы алы бæстæты алы адæмыхæттыты 'хсæн.

Торчынты Хъазыбег, куыд поэт, афтæ йе сфæлдыстады зары йæ уарзон Хæххон Алтайыл, стыр аргъ кæны алтайæгтæн сæ куырыхондзинад æмæ цардмæ æнувыд ахастæн. Йæ зæрдæ сын зæгъы дуджы бирæ хорздзинæдтæ, рæстуд цард, иузæрдиондзинад, адæймаджы сыгъдæг æмæ рæсугъд цæсгом зæры бонтæм дæр хъахъхъæнын кæддæриддæр.

Цалдæр азы размæ Хетæгкаты Къостайы портрет Торчынты Хъазыбег балæвар кодта алтайаг разагъды поэт Борис Укачинæн ахæм зæрдылдарæн фыстимæ:

Æфсымæр, æри-ма мæм фидарæй хъарм къух — Иумæ нæ тыхтæ уыдзысты фылдæр! Музæйы арты уарзон Фыдыбæстæ батух, Иумæ нæ зарæг айзæлдзæн дардмæ хуыздæр!

Æцæг хæлар йæ зæрдæйы тæгтæй æмæ йæ архайдæй иу кæны æрмæст йе 'мбæлтты нæ, фæлæ ма алы адæмыхæттыты дæр. Ахæм адæймæгтæ нæ зæхх ыл сты стæм.

Торчынты Хъазыбег — дзырды дæсны! Дзырдæн та адæймаджы царды ис стыр нысаниуæг. Стыр зæрдæйы хицау, цæр æмæ цæр, рухс кæн нæ адæмты цард, уæлахиз у дæ хъуыддæгты, дæ фæндты æмæ дæ литературон сфæлдыстады!

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

Миниатюрæтæ

Фарн æмæ фыдæх

Ирон дзырд цæра

"Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, Куы бафидин искуы мæ хæс..."

Æвæццæгæн, Иры лæгтæй йæхи хæсджын ничиуал хоны, нæ бæсты Къоста æппæт хæстæ дæр бафыста, зæгъгæ.

Афтæ куы нæ уаид, уæд, нæ дзыллæйæн хицæн адæмы ном цы ирон æвзаг радта, фыдæлтæ, цæхæрау, кæй норстой æмæ кæй фæдзæхстой, цæстыгагуыйау, хъахъхъæнын фæлтæрæй-фæлтæрмæ, уый абон къулбæрзæйæ нæ лæууид цæрæццаг æвзæгты рæнхъы.

Мадæлон æвзаг йæ уды рæбинаг кæмæн нæу, уый йын нæ хъусы йæ сыгъзæрин хъæлæс, æмыр ын сты ирон ныхасы хъуытаз зæлтæ, йæ зæрдæ æвдæлон у бæрзонд поэзийы тæмæнæй.

Цавæр стут, Иры фæсивæд, цавæр? Цæмæн фестырзæрдæ стут нæ мадæлон æвзагыл? Сымах куы стут йæ зæрдæйы уидаг, йæ уд, йæ цæст, йе 'нхъæлцаутæ! Уæ чъылдыммæ кæсгæйæ, судзгæ цæссыг куы калы...

Кæд, мыййаг, уæ туг баивтат, уæ зæрдæ хъуына сæвæрдта, æмæ уын уымæн ссис æцæгæлон ирон мыр? Уæд дзыназдзæн, йæ цот æвæгæсæгæй кæй ныууагътой, ахæм æнæбон ныййарæгау...

Чызгимæ æргом ныхас

Фæрсдзынæ мæ, цы федтон царды, цы зынтæ бавзæрстон?.. Фагæй фылдæр — уыдонæй адæймагæн фæхицæнуæвæн нæй, йæ рифтаджы æвæрд сты. Æнæрцæф та у æрмæстдæр дымгæ... Æрдумæ дæр нæ дары царды хъомыс, йæ хивæнд æмæ тæргæйттæ. Нæй йæ къæлæтты дарæн, нæй йыл сахсæн бакæнæн. Гъе, уый дын хъайтар хæстон!..

Куы мæ бафæрсис ноджы хъысмæты тæрхонæй, уæд дын зæгъин: рухс дунейы цæргæйæ, цух уыдтæн йæ цинæй, бирæ мæ фæдардта сау хъыджы: цардæн йæ кæрæтты цыдтæн.

Фæлæ мæ зæрдæйы табуйагæй цы сурæт дардтон, уый не 'рмынæг, фæйлауы бæрзонд рындзыл, сагъд тырысайау.

Уымæ уыд мæ рыст уды каст, ууыл лæууыд мæ саби зæрдæ.

Иуæрдыгæй— ды, иннæрдыгæй — тызмæг æцæгдзинад. Бафæраздзынæ ахæм ныхмæлæууагæн?

Хуымæтæг ерыс нæу, фæлæ дзы дæуыл ницы хæс фембæлд уыд уæларвонты цæстуарзон лæвар...

Диссаг у, куыд сæ рантысти ацы хатт, куыд фæрæдыдис æлгъин амонд? Куы фестадтæн æнæхъæнæй дæр уарзæгой уд!

Уæдæ цы у мæ буар та? Ис æви нæй? Нæ зонын, раст зæгъгæйæ...

У туг æмæ стæгæй конд. Цæры, цæуы, æнкъары. Фæсудзы хурмæ, дымгæ йæ фæхойы. Фæкæсы арвмæ, уарзы хæхтæ, денджыз. Æмæ ис иугæр, уæд дæуæн нывонд у уый дæр. Дæ æнувыд фæсдзæуин. Дæ сæрибар хъæлдзæгзæрдæ цагъайраг...

Мæ фæндæй дын мæ

æвæрын. ДЫ МЫН ÆРМÆСТДÆР У, иннæ фæлварæнтæ иууыл — мæ бар.

Бæлвырдæй, царды фаг ма баззад дунейы рухсæй домд зæрдæйæ, — дзаг та у уæлмонцæй. Æмæ мын бузныгæн — демæ фембæлд.

Æмæ ныр мæ уд æнæхъæнæй дæу у, фæстаг æртахы онг. Дæу у — абонæй æнустæм. Хуыцау мын мин уды куы радтаид, уæддæр — дæуæн нывондæн.

Дæ зæрдæйы цæры мæ уд. Æмæ, куы бахудыс, уæд уый дæр цæхæртæ скалы, зæды базыртау.

Æрæнкъард дæ, — уæд доны разилынц мæ уды тарæнгæс цæстытæ.

Кæныс цин, уæд æм байхъус — уый дæр кæл-кæлæй худы, зарæг дын нывæнды.

Уыдтæн рæстуд адæм æмæ Хуыцауы раз — сыгъдæг. Кæд мын уый тыххæй бацамыдта фæндаг дæумæ, мæнæй — дæ удмæ.

Зоны йæ мæ зæрдæ: нæ буар фестæд хур — къæвда боны, æнтæфы та — фæлмæн уарын, бæрзондæй æрвыст райгæ-уаргæ цин.

Фестæд дын хæххон сыгъдæг уæлдæф... Уæд алы ран дæ алфамбылай, дæ фарсмæ... Дæ Бонвæрнон. Зынтæ сурæг. Дæ цæуæнтыл — зæлдаг кæрдæгæй гауыз...

Мæ уд дын фестæд фурд — æнæкæрон, цъæх-цъæхид, хъарм, рæвдауаг. Куыд судзой хурмæ йе 'ртæхтæ дæ буарыл, налхъуытналмасау... Йæ уылæнтæ згъордзысты дæ фæдыл æмæ 'мбæхсдзысты дæ зынаргъ фæдтæ змисы.

Цы ма хъæуы зæхх он дзæнæты 'ндæр? Уыдзыстæм иу: æз æмæ ды, бæрзонд арв æмæ денджыз...

Мæ уд — дæ уды, д' арм — мæ армы, афтæмæй цæуæм æнус, нæ царды фæстаг бонмæ...

Разы дæ?

АБАЙТЫ Арбилянæ

Спортивон фидиуæг



Фехтовани

Æхсаргæрдтæ зæлланг кæнынц "Манеж"-ы

Уæрæсейы æртын регионы тыхджындæр фехтовальщиктæ ацы къуыри Дзæуджыхъæуы ерыс кæнынц нæ бæстæйы чемпионы ном рамбулыныл.

Æхсаргард, шпагæ æмæ рапирæйæ тохты æдæппæтæй архайынц 542 нæлгоймаг æмæ сылгоймаг спортсмены. 17 апрелы, чемпионат бæрæгбон уаваæры гом кæнгæйæ, РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг **Сергей Меняйло** йæ зæрдиаг арфæты кæрон загъта: "Ахæм стыр æмæ бæрнон ерыстæ Ирыстоны кæй цæуынц, уый разæнгард кæны нæ фæсивæды спортыл æнувыд уæвынмæ. Мæ зæрдæ уын зæгъы стыр æнтыстытæ!"

Чемпионаты фыццаг дыууæ боны ерысы бацыдысты æхсаргардæй хæцджытæ. 17 апрелы сбæрæг сты уæлахиздзаутæ хицæн спортсменты 'хсæн.

Сылгоймæгты ерысты арæзт æмæ зæхсы фæсивæд. Æппынфæстаг 3-аг бынат бацахсæг.

1-аг бынатыл ерысы цы хъазуатон тохтæ цыдис, уыдон æппынфæстаг фесты мæскуыйаг чызджыты пайдайæн 45:44 хыгъдæй.

Къаддæр цымыдисаг нæ рауадысты нæлгоймæгты командон ерыстæ. Ам дæр 1-3-аг бынæттыл тохты архайдтой Мæскуы æмæ Новосибирскы æхсаргардæй хæцджытæ. Æппынфæстаг 3-аг бынатмæ рацыд "Новосибирск-2", 1-2-аг бынæттыл та ерысы бацыдысты "Мæскуы-1" æмæ "Мæскуы-2". Сæ ерыс ахицæн "Мæскуы-2"-йы пайдайæн 45:43 хыгъдæй. "Мæскуы-2"-йы рæнхъыты сыгъзæрин майдантæй хорзæхджынгонд систы: **Олег Петровский, Владислав Поздняков, Иван Цыпин** æмæ **Лев Манин**.

Сылгоймæгты командæты 'хсæн фæуæлахизуæвæг "Мæскуы-2"-йы рæнхъыты та сыгъзæрин майдантæ лæвар æрцыдысты: Ольгæ Никитина, **Евгения Подпаскова**, **Светланæ Шевелева** æмæ Софья Великаяйæн.

Знон æмæ абон тохты бацыдысты шпагæйæ хæцæг нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, уый фæстæ та бæрæггонд цæудзысты рапирæйæ хæцæг тыхджындæр сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ.

Ерыстæ цæудзысты 23 апрелмæ.

БАСКАТЫ Уырызмæг

хайджытимæ уыдысты дунеон чемпионаттæ æмæ Олимпиаг хъæзтыты фесгуыхæг чызджытæ: **Софья Великая, Янæ Егорян, Ольгæ Никитина, Софья Позднякова, Софья Лоханова** æмæ ма цалдæр зындгонд спортсменкæйы.

Сæ хъазуатон тохты йæхи иттæг сæрæнæй равдыста Янæ Егорян. Уый фæуæлахиз йе 'ппæт ныхмæлæуджытыл дæр æмæ сси Уæрæсейы чемпионкæ. Янæйæн тыхджын ныхкъуырд радта Софья Лоханова. Ерысты æрдæгкæронбæттæны сæ тох ахицæн 15:13 хыгъдæй Янæйы пайдайæн. Ахæм хыгъд дзурæг у, дыууæ ныхмæлæууæджы тох хъазуатон кæй уыд, ууыл.

Кæронбæттæны Янæ Егорян фембæлд новосибирскаг спортсменкæ **Алинæ Михайловаимæ**. Ацы тох дæр рауад цымыдисаг æмæ ахицæн 15:12 Янæ Егоряны пайдайæн.

Ноджы карздæр тохтæ цыдысты нæлгоймæгты ерысты. Ацы ран тынг дæсны архайд чи кодта, уыдонæй иу уыд не 'мбæстаг зындгонд спортсменкæ — рапиристкæ, дунейы чемпионкæ Ольгæ Величкойы фырт **Камил Ибрагимов**. Мæскуыйы номæй хæцгагæн, мæхи куыд фæнды, афтæ арæх мын нæ вæййы фадат Ирыстонмæ ссæуынæн. Ардæм ме 'мбæлттæ дæр тынг æхсызгонæй фæцæуынц. Ууылдæр æй зонынц, Ирыстон уазæгуарзон кæй у, уый".

18 апрелы сбæрæг сты командон ерысты фæуæлахиз уæвджытæ.

Сылгоймæгты командæтæй уæлдай, сæрæндæр архайд кодтой Мæскуы æмæ Новосибирскы чызджытæ. Кæронбæттæны фыццаг бынат бацахсыныл фембæлдысты "Новосибирск-1" æмæ "Мæскуы-1". Новосибирскæй ерысты архайдтой дыгай командæтæ æмæ æртыккаг бынатыл дæр ерысы бацыдысты сæ иннæ командæтæ. 3-аг бынат рамбулыныл "Новосибирск-2" 45:36 хыгъдæй фæуæлахиз "Мæскуы"-ыл, æмæ сыбираг командæ ссис чемпионаты 3-аг бынат бацахсæг.

1-аг бынатыл ерысы цы хъазуатон тохтæ цыдис, уыдон æппынфæстаг фесты мæскуыйаг чызджыты пайдайæн 45:44 хыгъдæй.

Къаддæр цымыдисаг нæ рауадысты нæлгоймæгты командон ерыстæ. Ам дæр 1-3-аг бынæттыл тохты архайдтой Мæскуы æмæ Новосибирскы æхсаргардæй хæцджытæ. Æппынфæстаг 3-аг бынатмæ рацыд "Новосибирск-2", 1-2-аг бынæттыл та ерысы бацыдысты "Мæскуы-1" æмæ "Мæскуы-2". Сæ ерыс ахицæн "Мæскуы-2"-йы пайдайæн 45:43 хыгъдæй. "Мæскуы-2"-йы рæнхъыты сыгъзæрин майдантæй хорзæхджынгонд систы: **Олег Петровский, Владислав Поздняков, Иван Цыпин** æмæ **Лев Манин**.

Сылгоймæгты командæты 'хсæн фæуæлахизуæвæг "Мæскуы-2"-йы рæнхъыты та сыгъзæрин майдантæ лæвар æрцыдысты: Ольгæ Никитина, **Евгения Подпаскова**, **Светланæ Шевелева** æмæ Софья Великаяйæн.

Знон æмæ абон тохты бацыдысты шпагæйæ хæцæг нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, уый фæстæ та бæрæггонд цæудзысты рапирæйæ хæцæг тыхджындæр сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæ.

Ерыстæ цæудзысты 23 апрелмæ.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Ахуырад

Конкурсы уæлахиздзау

Кировы районы Кæрдзыны скъолайы æстæм къласы ахуырдзау МОРГУАТЫ София фæуæлахиз "Старт в науке-2023" наукон-иртасæн æмæ сфæлдыстадон куыстыты дунеон конкурсы.

Хайад "физикæ-математикæ"-йы архайгæйæ, ирыстойнаг чызг дзы хуыздæр бæрæггæнæнтæ равдыста. "Софийы куыст баст уыд арæзтадон æрмæджыты физикон миниуджыты иртасынадимæ. Ацы темæйыл Софийæмæ иумæ бакуыстам афæдзы æрдæджы дæргъы. Конкурсæн фадæттæ сарæзта Уæрæсейы Æрдзиртасынады академи. Мæскуымæ кæй арвыстам, къамисы уæнгтæ нæ уыцы куыстыл æрныхас кодтой æмæ нæм конкурсы комкоммæ хайы архайыны фæдыл хуынды гæххæтт æрбарвыстой. Мæ ахуырдзау ахæм кадджын ерысы кæй фæуæлахиз, уый мын æхсызгон у", — зæгъы физикæйы ахуыргæнæг **Хосроты Жаннæ**.

Фиппаинаг: конкурсы кæронбæттæн хай ацыд Мæскуыйы 10-12 апрелы.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Радзырдтæ

ДЗАСОХТЫ Музафер

Сыгъдæгдзинад

Арв æмæ зæхсы сыгъдæгдзинадæн æмбал нæй, фæлæ нæм æдзух афтæ нæ фæкæсы. Арв куы схъулæттæ вæййы, мигъæ йеддæмæ йыл куы ницыуал фæзыны, уæд фенхъæлæм, тагъд нал раирд уыдзæн, зæгъгæ. Арвы саумылазон зæхсыл дæр фæзыны. Сыгкъæвдатæ æмæ æнтъыснæг сæлфынæг зæхсы сыгъдæгдзинад сдызæрдыггаг кæнынц, сæвзæры æнæууæнкдзинад. Фæлæ та иуахæмы бауæндæм арв æмæ зæхсы сыгъдæгдзинадыл.

Дымгæ мигъæ фæсуры, арв йæхиуыл иу æврагъ нал фæуадзы, æмæ та йæ цъæх-цъæхид цæсгом разыны. Зæхсы сыгъдæгдзинадыл куы нæуал феуæндæм, уæд та зымæг ралæууы. Мит уарынмæ февналы. Æмæ бæстæ æгасæй дæр урс-урсид адары, цыма зæхх афтæ зæгъынмæ фæхъавы: "Æз æдде куыд сыгъдæг дæн, мидæгæй дæр — афтæ".

Арв æмæ зæхсы сыгъдæгдзинадæн цы æвдисæнтæ ис, ахæм æвдисæнтæ ис алы зайæгой, цæрæгой, æрдзы кæцыфæнды хъæбулæн дæр. Æрмæст се 'ппæт мах нæ зонæм.

Цæгат æмæ Хуссар

Ныр цæгатæй, хуссарæй уæлдай нæма ис. Хуссары дæр цæгатау у уазал, арф митæй æмбæрзт. Афтæ хъуамæ бæрæг ма уаид, фæлæ зымæгмæ рæстæджы рохтæ раттынвæнд нæй, уалдзæг та йæ бартыл дзурынхъом нæма у. Æмæ тыхджындæр йæ фæнд тæры, лæмæгъдæр — фæразы. Хуссар дæр цæгаты хуызæн йæхи уый тыххæй дары.

Фæлæ, рæстæг куыд цæуа, афтæ йын йæхиуæттæ æнæдомгæ нæй. Ахæм заман ралæудзæн, æмæ, хуссар цæгаты кæд нал фæзмдзæн, йæхи миниуджытæ йæм кæд фæзындзæн. Фæстагмæ йæм цæгаты хуызæнæй æппындæр ницыуал уыдзæн. Аивдзæн цæгаты хуыз дæр. Уый бонæй-бон тынгдæр фæзмдзæн хуссары, æмæ æрæджиау сæмхуызон уыдзысты.

Ныртæккæ цæгатæй, хуссарæй уæлдай куыд нæй, фæстæдæр та хуссарæй, цæгатæй афтæ уæлдай нал уыдзæн. Зымæг хуссары цæгаты хуызæн куыд скодта, афтæ уалдзæг та цæгаты хуссары хуызæн скæндзæн.

Чиныг "Зæрватыкджын бæстæ"-йæ

Фæндагон фæтк

Скъоладзаутимæ фембæлд

Фæндагыл æдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийы агитацион автобус ногæй Рахизфарсы район бабæрæг кодта.

Автоинспектортæ Хуымæллæджы скъолайы ахуырдзаутимæ ныхас кодтой фæндагыл æдасæй цæуыны темæйыл.

Районы фæзуатыл фæндагон-транспортон бæллæхтæй сывæллæтты бахизынæн автоинспекцийы кусджытæ дзы рæстæгæй-рæстæгмæ саразынц фæндагыл цыды æвзонг архайджыты æрбахуындимæ профилактикон ныхæстæ æмæ акцитæ.

Ацы акциты арæх архайæг автоинспекцийы агитацион автобус ногæй хуымæллæггаг скъола бабæрæг кодта. Транспорт арæх кæуыл цæуы, уыцы фæндаджы сæрты хизын куыд æмбæлы, пъæлицæйы кусджытæ фæсивæды зæрдыл уый ноджыдæр ма иу хатт æрлæууын кодтой.

Уымæй уæлдай, уæвæн ис, æмæ, фæндагыл чи сæвзæрдзæн, барадхъахъхъæнджытæ æнахъомтимæ ахæм уаваæртыл дæр æрныхас кодтой, стæй фембæлды рæстæг сывæллæттæй æрбафтæг фарстытæн дзуаппытæ радтой. Фæстагмæ автоинспектортæ скъоладзаутæн радтой фæндагыл цыды фæткы сæйраг домæнтимæ зæрдылдарæн гæххæттытæ.

ХОСОНТЫ Земфирæ, æхсæнадон уацхæссæг

Арфæ Тогыцаты Уырысханы фырт Валодяйæн (Валикæн)

Ставд-Дурты цæрæг Валодяйыл ацы бонты æххæст кæны 86 азы. Царды фæндæгтыл дзæбæхæй фæцыд æмæ, кæд ныртæккæ йæ кары бацыд, уæддæр уæндон æмæ фидар къахдзæфтæй архайы, хæдзары цы бирæ куыстытæ ис, суанг ма дыргъдон æмæ цæхæрадоны дæр.

60-æм азты фæсслужбæ куыста Валодя Дзæуджыхъæуы арæзтæдты, Китайаг фæзы цæрæн хæдзæрттæ куы арæзтой, уæд. Уыцы рæстæг ма архайдта китайаг бархионтæн цыртдзæвæны арæзтады дæр электрон тыхæй æндадзæгæй. Бирæ рæстæг, 50 азæй фылдæр Валодя фæкуыста Дзæуджыхъæуы 2, 7- æмæ 9-æм училищæты ахуыргæнæгæй.

Валодяйæн ис хорз кæстæртæ — дыууæ фырты æмæ чызг — хæрзæгъдау, адæмуарзон, сæ фыдау, ирон æгъдау æмæ традицитæ хæссæг. Уыдонæн ныр сæхицæн ис хъæбултæ æмæ уыдоны кæстæртæ. Сæ хуртæй бафсæд, Валодя!

Уæдæ ацы бон кувдзысты йæ райгуырæн боны фæдыл Дунерæвдауæг, Дунедарæг Стыр Хуыцаумæ, æнæниздзинад æмæ бирæ цæрæнбонтæ курдзысты сæ буц хистæрæн! Хуыздæр кувæнджы куывдтытæ йыл æрцæуæнт!

Сæумæрайсом Хурзæд йæ тынтæ дардыл айтауы, æмæ сæ дæ хорз зæрдæ кæддæриддæр куыд рухс кæна, уыцы арфæ дæ хай, нæ зынаргъ, нæ уарзон фыд, нæ фæлмæнтæдзураг баба!

Ацы арфæтæ дын кæнынц дæ уарзон кæстæртæ

Æрдз

Зынгсирвæзтæй тæссаг афон

Уалдзæг-сæрдыгон рæстæг куы 'рбалæууы, уæд зынгæ фæфылдæр вæййынц зынгсирвæзтытæ æрмæст æнæхъæн бæстæйы нæ, фæлæ нæ республикæйы дæр. Быдыртæ, фæзтæ æмæ автомобилон фæндæгты иувæрсты судзын райдайынц хус кæрдæг, фæсудзынц быræттæ, хæдзæрттæ æмæ æндæр объекттæм хæстæг.

Хи цæхæрадæттæ æмæ хæдзарæдты зæххытыл арт æндзарын свæййы æрвылбонон. Ис ахæм рæдыд хъуыды, зæгъгæ, ивгъуыд азы кæрдæг судзын пайда у æрдзæн, цъæх зайæгой дзы хуыздæр зайы. Æцæгæй та, æрдзæн артæй стырдæр фыдбылыз ницы хæссы. Кæй зæгъын æй хъæуы, артæй сыгъд сау мæрыл цыдæр рæстæджы фæстæ фæзынынц цъæх таутæ, фæлæ дзы фенæн нал вæййы раздæры алы мыггаг зайæгойтæ. Уый хыгъд мæры хорз фадæттæ фæзыны бирæазыккон фидаруидаг хæмпæлгæрдæгæн, æмæ раздæрæй фылдæр фæзуæттæ бацахсынц.

Уалдзæджы адæм сæ алфамбылайтæ сыгъдæг кæныныл, тагъд кæнгæйæ, судзынц хус зайæгойтæ æмæ быræттæ, фæлæ сæ айрох вæййы зынгсирвæзты ныхмæ домæнтæ, айрох сæ вæййы, уымæй знаггад кæй æрхæсдзысты сæ мулк, сæ исбон æмæ се 'нæниздзинадæн, тæссаг уаваæры кæй æвæрынц, суанг сæ цард дæр.

Уæрæсейы Федерацийы Зынгсирвæзтыты ныхмæ архайды фæткмæ гæсгæ, алфамбылай йæ уæлвæд ссыгъдæг кæнын фæхъæуы сыгъдæмхиц æрмæджыты æппарæнтæ, хус сыфтæртæ æмæ кæрдæгæй. Быræттæ æмæ æппаринæгтæ судзæн нæй бæстыхæйттæ æмæ агъуыстытæй 50 метры хæстæгдæр ран. Нæй цæрæнбынаты алфамбылай сыгъдæмхиц æрмæджыты æппарæнтæ, хус сыфтæртæ æмæ кæрдæгæй. Быræттæ æмæ æппаринæгтæ судзæн нæй бæстыхæйттæ æмæ агъуыстытæй 50 метры хæстæгдæр ран. Нæй цæрæнбынаты алфамбылай сыгъдæмхиц æрмæджыты æппарæнтæ, хус сыфтæртæ æмæ кæрдæгæй. Быræттæ æмæ æппаринæгтæ судзæн нæй бæстыхæйттæ æмæ агъуыстытæй 50 метры хæстæгдæр ран. Нæй цæрæнбынæтты алфамбылай зынгсирвæзты ныхмæ сæрмагонд уагæвæрд æртытæ кæныны зынгсирвæзтæй тæссаг куыстыты ныхмæ, пецтæ судзын, цæлгæнæнты бынæттæ æмæ хъармгæнæн агты архайдæн.

Агъуыстты æхсæнты зынгхуыссынгæнджыты техникæйы бацæуæнтæ ма дзаг кæнут арæзтадон æмæ æндæр сыгъдæмхиц æрмæджыты æппаринæгтæй.

Хи хæдзæртты цы быræттæ сæмбырд вæййы, уыдон байдзаг кæнын хъæуы контейнеры, æмæ сæ уый фæстæ сæрмагонд бырондонмæ аласын, уалдзæг æмæ сæрдыгон рæстæг та хæдзары раз хъуамæ уа донæй йедзаг донгарз кæнæ зынгхуыссынгæнæн.

Уæ хæдзары цур быræттæ кæнæ хус кæрдæг куы ссудзой, уæд сæ ахуыссын кæныныл бацархайут кæнæ дон, кæнæ сыджыт бакалынæй, кæнæ сæ исты къалиутæй æрхойынæй.

Исты ссыгъд куы бафиппайат, уæд æвæстиатæй кæнут зынгсирвæзт хуыссынгæнджытæм ахæм телефонæй: "01", "101", "112", уыимæ, зæгъут бæлвырд адрис æмæ бынат.

Бирæ цæрджытæ сæ фæлладуадзæн бонты арæх ацæуынц æрдзы хъæбысмæ, сæ фæллад фæуадзынц кæсагахсгæйæ цæугæдоны кæнæ цады былгæрон. Бирæ хатт уым ссудзынц æртытæ, уый та, гæнæн ис, æмæ ахицæн уа зынгсирвæзтæй. Ахæм цау ахуыссынæн бахъæуы бирæ адæмы хъару æмæ зынгæ материалон хæрдзтæ.

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы цауты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы Дзæуджыхъæуы цæстдард æмæ профилактикæйы хайад уæ зæрдыл лæууын кæны, зынгсирвæзты æдасдзинады домæнтæ не 'ххæст кæныны тыххæй бæрндзинад.

Афтæ, Уæрæсейы Федерацийы административон барадхæлдтыты тыххæй кодексы 20.4 1-æм статьяйы хаймæ гæсгæ зынгсирвæзты æдасдзинады домæнтæ не 'ххæст кæныны тыххæй граждæнтæ цæуынц рагфæдзæхст, кæнæ та административон иваргонд дыууæ минæй æртæ мины онг; бынаты лæуд адæймæгтæ — æхсæз минæй фынддæс мины онг; юридикон адæймæгтæ — сæдæ фæндзай минæй дыууæсæдæ мины онг. Уыцы æгъдаухæлдтытæ зынгсирвæзты ныхмæ архайды сæрмагонд уаваæрты куы æрцæуой, уæд Уæрæсейы Федерацийы административон барадхæлдтыты Кодексы 20.4 статьяйы 2-æм хаймæ гæсгæ граждæнтæ административон иваргонд цæуынц дыууæ минæй цыппар мины онг; бынаты лæуд адæймæгтæ — фынддæс минæй æртын мины онг; юридикон адæймæгтæ та дыууæсæдæ минæй цыппарсæдæ мины онг.

Уæ зæрдыл дарут! Æрмæстдæр, зынгсирвæзты æдасдзинады домæнтæ фидарæй æххæст кæнгæйæ, ис бахизæн зынгсирвæзтæй æмæ бæллæх не 'руадзынæй!

Дзæуджыхъæуы профилактикон куысты æмæ цæстдарды архайды хайад

Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы цауты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы профилактикон куысты æмæ цæстдарды архайды хайад

Проект

Чиныгдон хъæумæ раивта

Амæй размæ Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл астæуккаг парчы чи уыд, уыцы чиныгдон раивта Дыгуры районы Къора-Урсдонмæ.

Арт-объект нымад у амынд хъæуы цæрæг **Гатеты Иринæйы** проектыл. Проект баххæст кæнын бантыст форум "Машук"-ы ист гранты фæрцы. 2019 аз — Хетæгкаты Къостайы райгуырдыл 160 азы куы сæхæст, уæд — уынджы чиныгдон байгом кодтой. Парчы рацарæзты фæстæ парк кæмæй не сфидыдта, уыцы объект йæ авторы райгуырæн хъæумæ раивта.

"Фарон фæззæджы уынджы чиныгдон махмæ кæй æрбынæттон, уымæй райгонд стæм. Хъæуы цæрæг адæм ацы чиныгдонмæ арæх æрбацæуынц. Иринæйы зæрды ис гранты хардзæй ноджыдæр ма иу проект райгуырæн хъæуы баххæст кæнын. Ныхас цæуы футболон фæзыл", — загъта хъæуы сæргъæлæууæг **Гулаты Ремæ**.

Нæ уацхæссæг

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Продается 2-комнатная квартира. Адрес: г. Дигора, ул. Кибизова, 6, кв. 5. Тел.: 8-909-476-15-44.

Профессиональная обработка (опрыскивание) плодовых деревьев, винограда и плодовых кустарников. Цены - как при обрезке. Тел.: 8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).

Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры. Тел.: 8-906-188-38-83.

Продаем качественный чернозем в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивдзытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргъæлæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3439. Заказ № 447. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru